# God's Simple Plan of Salvation

## Introduction

I Иуан 5:13   Шъо, Тхьэм Ыкъо ыцӀэкӀэ шӀошъхъуныгъэ зиӀэхэм, мыкӀодыжьын щыӀэныгъэ шъуиӀэ зэрэхъугъэр шъушӀэным пае, мы Ӏофхэр къышъуфэсэтхых.

## I   We are all sinners!

Рим  3:10   Тхьэм игущыӀэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу, «Шъыпкъагъэ зиӀэ цӀыф зи щыӀэп.

Рим  3:23  сыда пӀомэ цӀыф пстэуми псэкӀод ашӀагъ, Тхьэм ыдэжь къикӀырэ щытхъушхомкӀи Ӏахьэ яӀэп.

Рим  5:12   ПсэкӀодыр дунаем къытехьанэу зыпкъ къикӀыгъэр зы цӀыф. ПсэкӀодым игъусэу лӀэныгъэри дунаем къытехьагъ. Арэущтэу цӀыф пстэуми псэкӀод зэрашӀагъэм пае, лӀэныгъэр зэралъысырэр яӀахьэу хъугъэ.




**We are all sinners!**

## II   There is a cost for that sin!

Рим 6:23 Сыда пӀомэ псэкӀодым къыхэкӀырэр лӀэныгъэр ары. Ау Исус Христосэу ти Зиусхьан тыгухэм зэрарылъым пае, Тхьэм тынышхоу къытитырэр мыкӀодыжьын щыӀэныгъэр ары.

Ӏофхэр 21:8   Ау щынэ къэрабгъэхэм, шӀошъхъуныгъэ зимыӀэхэм, зызыгъэушӀоигъэхэм, цӀыф укӀакӀохэм, зинэ зышӀэхэрэм, ушхъухьаныгъэм пылъхэм, тхьэ нэпцӀ зыгъэлъапӀэхэрэм, пцӀыусхэм ахэмэ яӀахьэр машӀорэ тхъомзашхъорэкӀэ стырэ хыр ары. Ар ятӀонэрэ лӀэныгъэр ары.

## III   Christ died for our sins.

Рим  5:6 Тхьэм ыгъэнэфэгъэ уахътэм ыдэжь тэ тшъхьэкӀэ ӀэпыӀэгъу тызфэмыхъужьышъоу, тэ цӀыфхэу Тхьэм ищынагъо зыгу имылъхэм апае Христос лӀагъэ.

Рим  5:8  Ау шIулъэгъуныгъэу къытфыриIэр Тхьэм мырэущтэу къыгъэлъэгъуагъ: Тэ тыпсэкIодышIэ пэтызэ, Христос тэщ пае лIагъэ.

Рим  14:9   Христоси лIи, лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьи, псэужьыгъ. Зыфэпсэужьыгъэр псэухэмрэ лIагъэхэмрэ я Зиусхьанэу хъуныр ары.

Рим 6:23 Сыда пIомэ псэкIодым къыхэкIырэр лIэныгъэр ары. Ау Исус Христосэу ти Зиусхьан тыгухэм зэрарылъым пае, Тхьэм тынышхоу къытитырэр мыкIодыжьын щыIэныгъэр ары.



**Christ died for sinners!**

# IV   Salvation is a free gift, not by good works. You must take God's word for it, and trust Jesus alone!

Апостолхэм Iофхэу 4:12   ЦIыфхэр мыкIодхэу къэзыгъэнэжьырэ закъор Исус ары. Ащ ыцIэ нэмыкIэу, Тхьэм уашъом ычIэгъ чIэт цIыфхэм аритыгъэу зи щыIэп тымыкIодэу тыкъэзыгъэнэжьын зылъэкIынэу.

Ефес  2:8-9   Тхьэм ынэшIу щыфэныгъэкIэ шъумыкIодэу шъукъигъэнэжьыгъ, шIошъхъуныгъэ шъуиIэ зэрэхъугъэм пае. Ар къызпкъырыкIыгъэр шъорэп, ар Тхьэм итын нахь.  ПИу зэрэтшIагъэр арэп тымыкIодэу Тхьэм тыкъызкIигъэнэжьырэр. ЦIыфыр зыщымытхъужьыным пае, Тхьэм а Iофыр арэущтэу ыгъэпсыгъ.

Тит 3:5   тымыкIодэу тыкъигъэнэжьыгъ. Шъыпкъагъэ зиIэ Iофхэу тэ тшIагъэхэм яIоф ащ хэлъыгъэп. Тхьэм гукIэгъуныгъэ зэриIэр ары тымыкIодэу тыкъызкIигъэнэжьыгъэр. Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ тыгухэр къызэригъэкъэбзэжьыгъэмкIэ икIэрыкIэу тыкъалъфыжьыгъэу тигъэхъугъ, тыгухэм арылъхэри зэрихъокIыгъэх.

# V   We must put our faith and trust in Christ in order to be saved.

Рим  4:24  тэри ары. Тхьэм ежьым ыдэжькIэ тэри шъыпкъагъэ тиIэу тилъытэщт тэ, Исус Христосэу ти Зиусхьан лIагъэхэм къахэзыгъэтэджыкIыжьыгъэ ТхьэмкIэ шIошъхъуныгъэ зиIэхэм, тэри ежьым ыдэжькIэ шъыпкъагъэ тиIэу тилъытэщт.

Рим 10:9-10,13 УжэкIэ цIыфхэм апашъхьэ Исус Зиусхьанэу зэрэщытыр къыщыпIомэ, Тхьэм ар лIагъэхэм къызэрахигъэтэджыкIыжьыгъэмкIи угукIэ шIошъхъуныгъэ уиIэмэ, умыкIодэу Тхьэм укъиигъэнэжьыщт. Сыда пIомэ цIыфэу зыгукIэ шIошъхъуныгъэ зиIэм Тхьэм ежьым ыдэжькIэ шъыпкъагъэ иIэу ылъытэщт, цIыфмэ апашъхьэ Исус Зиусхьанэу зэрэщытыр къыщызыIорэри мыкIодэу Тхьэм къыгъэнэжьыщт. Сыда пIомэ «Хэти къыдэIэпыIэнэу ежьым елъэIурэр мыкIодэу Зиусхьаным къыгъэнэжьыщт».



*If you want to accept Jesus Christ as your Savior and receive forgiveness from God, here is prayer you can pray. Saying this prayer or any other prayer will not save you. It is only trusting in Jesus Christ that can provide forgiveness of sins. This prayer is simply a way to express to God your faith in Him and thank Him for providing for your forgiveness.*



**"Lord,**

**I know that I am a sinner. I know that I deserve the consequences of my sin, which is death and hell. However, I am trusting in Jesus Christ as my Savior. I believe that His death and resurrection provided for my forgiveness. I trust in Jesus and Jesus alone as my personal Lord and Savior. Thank you Lord, for saving me and forgiving me! Amen!"**

**Amazing Grace Publishing * PO Box 1963 * Joshua TX 76058 * 817-426-1828 * E-Mail JamesAV@aol.com**